



**"Li te lojik pou mwen pou m
achte. Mwen te konnen m ta
ka jwenn yon bagay kote kòb
mwen t ap peye chak mwa a te
pi piti pase sa m t ap peye pou
lwaye a."**

*Propriyetè kay
Dudley Square, Roxbury*



one.
For your first home.

©2013 Massachusetts Housing Partnership

160 Federal Street, Boston, MA 02110
Tel 617-330-9955 Toll-free 877-MHP-FUND
www.mhp.net

one.
For your first home.



Yon pwogram prè
ipotèk Massachusetts
Housing Partnership



one.

For your first home.

Pwogram ONE Mortgage la se yon pwogram yo te kreye pou moun k ap achte kay premye fwa yo. Li ofri moun k ap achte kay yo konfò paske yo konnen y ap ka peye ipotèk la ki gen karakteristik tankou yon to enterè fiks, abòdab, yon kòb depo ki ba ak yon peyman chak mwa ki ba.

KISA K FÈ ONE MORTGAGE SAN PARÈY ?

Kòb depo ba

Yo egzije yon minimòm 3% pri acha a pou kondominyòm, pou kay ki gen youn ak de (2) apatman. Si w ap achte yon kay ki gen twa apatman, yo egzije 5% kòm depo.

Enterè fiks

Moun k ap achte kay yo benefisyé yon enterè fiks ki pi ba pase to mache a sou 30 an nan Pwogram ONE Mortgage la. Yo pa fè moun k ap achte kay la peye pwen.

Pa gen Asirans pou Ipotèk Prive [Primary Mortgage Insurance (PMI)]

Moun ki achte kay avèk ONE Mortgage yo ekonomize plizyè santèn dola chak mwa paske yo pa peye kòb PMI chè yo.

Sibvansyon Enterè MHP

Kék achtè ki kalifye selon salè yo ka kalifye pou yo ekonomize plis toujou chak mwa pandan sèt premye ane yo posede kay la. Sibvansyon Enterè MPH la se yon sibvansyon yo bay pou diminye ipotèk la nan premye ane yo apre moun nan te fin achte kay la. Konpayi yo ki prete lajan pou achte kay yo aplike sibvansyon sa a otomatikman chak mwa nan resi ipotèk moun ki kalifye ki te achte kay la.

Kay la ap pran valè

Moun ki achte kay ak ONE Mortgage mete valè sou kay yo chak fwa yo peye ipotèk la. Pa gen limit nan apresyasyon valè kay la.

KI KANTITE W KA EKONOMIZE ?

Pwogram ONE Mortgage la		Ipotèk Konvansyonèl la
Pri acha	\$245.000	\$245.000
Kòb depo	\$7.350	\$7.350
Enterè	4.00%	4.50%
Asirans Ipotèk Prive	\$0	\$185
Sibvansyon Enterè MHP	-\$133	\$0
Peyman chak mwa total	\$1.202	\$1.614

Ekonomi ki estime pou chak mwa avèk ONE **\$412**

Ekonomi yo baze sou acha yon kay ki gen yon apatman, peyman yo sibvansyoné soti nan premye pou rive katryèm ane, selon to enterè aktyèl yo. Kantite kòb yo mete pou taks, asirans ak asirans ipotèk prive (PMI) se sèlman estimasyon. Ekonomi w ap fè a kapab varye.

"Nou te tcheke ipotèk konvansyonèl yo, men nou pa t kalifye. ONE Mortgage te diferan. Avèk to enterè konpetitif yo a, yon kòb depo ki ba epi san asirans ipotèk prive, nou te anmezi pou n achte kondo nou an.

Anplis de sa, n ap ekonomize plizyè santèn dola chak mwa."

ÈSKE W KALIFYE ?

Pwogram ONE Mortgage la fè l pi aksesib pou moun ki kalifye pou achte kay nan Massachusetts posede kay a pri abòdab. Pou w kalifye pou ONE Mortgage, ou :

- Dwe yon **moun k ap achte kay premye fwa**. Sa vle di ou pa t posede kay ou te abite a nan entèval twa zan anvan w aplike nan pwogram nan.
- Konplete yon kou sou edikasyon yo apwouve **anvan moun achte kay** anvan dat acha a.
- Reponn a egzijans **kòb depo pwogram nan**. Yo egzije 3% depo pou kondominyòm, pou kay ki gen yon apatman ak pou kay ki gen de (2) apatman epi moun k ap prete kòb yo dwe kontribye yon minimòm 1,5% kòb depo a nan pwòp ekonomi yo. Si w ap achte yon kay ki gen twa apatman, kòb depo yo egzije a se 5% pri acha a, epi pou pi piti 3% dwe soti nan pwòp ekonomi w.
- Dwe gen yon **salè total pou fanmi an** ki respekte regleman pwogram nan. Limit salè pou fanmi yo varye selon kominote yo.
- Pa dwe gen plis pase \$75,000 an byen **total pou fanmi an**. Analiz byen yo pa gen ladan l kòb ou ekonomize pou pansyon, plan ekonomi pou kolèj gouvènman an apwouve ak asistans lameri bay nan kòb depo oswa kòb pou peye frè pou ipotèk kay.
- Dwe reponn a **egzijans kredi ak souskripsyon** yon konpayi k ap prete kòb ki patisce nan ONE Mortgage.
- Dwe asepte pou w abite nan kay la **kòm kay prensipal ou** pandan tout dire prè a.

Pou plis enfòmasyon sou limit kòb moun nan fwaye a dwe fè, kou sou edikasyon yo apwouve anvan moun achte kay ak konpayi k ap prete lajan ki patisce nan ONE Mortgage yo, vizite www.mhp.net/one.

An repons a yon etid Federal Reserve te fè an 1989 kote yo te dekouvi yon pakèt prejje rasyal nan prè pou ipotèk nan Boston, reprezantan nan MHP, Massachusetts Affordable Housing Alliance (MAHA) la, Massachusetts Bankers Association (Asosasyon Bankye Massachusetts yo), the City of Boston ak lòt moun te kòmanse ap fè reyinyon pou yo te jwenn yon teren dantant ak solisyon potansyèl. Rezilta yo te jwenn nan se te SoftSecond Loan Program (Pwogram Prè SoftSecond) nan. Yo te kreye l pou fè fas a obstak kouran moun k ap achte kay premye fwa, ki pa gen gwo salé yo t ap konfwonte. Nou gen yon rekò venn-senk ane ak plis pase 20.000 pwopriyetè kay ki reysi annaprè, pwogram nan te transforme soti de yon estriki 2 ipotèk a Pwogram ONE Mortgage la. ONE Mortgage ofri propriétè kay yo menm pri abòdab ak sekirite finansyè jenerasyon pwopriyetè kay SoftSecond homeowners te benefise yo, nan yon nouvo estriki ki pi senp.

